



Konnen ki chans ou genyen pou jwenn yon òf pou pre-K !

Chè fanmi,

Pandan w ap eksplòre pwogram pre-K anvan aplikasyon an kòmanse semèn pwochèn, chèche konnen ki chans pitit ou a genyen pou l jwenn yon òf. Èske w te konnen ou ka wè ki gwoup priyorite ki te resevwa òf pou yon pwogram pre-K patikilye nan [MySchools Directory](#)? Pou wè enfòmasyon sa a:

1. Chèche yon lekòl ki enterese w epi klike sou non lekòl lan pou w wè paj MySchools lekòl sa a pou w jwenn plis enfòmasyon.
2. Chwazi non pwogram nan (pa egzanp "Jou Lekòl Pre-K")
3. Desann nan seksyon "Chans mwen yo," kote w ap wè ki gwoup priyorite ki te resevwa òf.

Enfòmasyon sa a ka itil pou konprann ki priyorite admisyon yo pou yon pwogram patikilye, ki priyorite w nan yon pwogram, ak chans pou gwoup priyorite sa a resevwa yon òf nan sezon prentan an.

Yo fè òf yo dapre yon konbinezon faktè sa yo:

- Chwa ou mete nan aplikasyon pitit ou a
- Kantite plas ki disponib nan pwogram ou chwazi a
- Priyorite admisyon pitit ou a nan pwogram ou chwazi yo

Biwo Enskripsyon Elèv lan fè tout sa l kapab pou l matche fanmi yo ak pi gwo chwa yo lè sa posib. Si w enterese nan yon pwogram, mete li kòm yon chwa pou yo konsidere w pou yon plas, menm si pitit ou a deja patisipe nan li, gen yon frè ak sè k ap patisipe, oswa ki nan zòn nan. Ou ka mete jiska 12 chwa nan aplikasyon pitit ou a! Tout aplikan ki aplike nan pre-K nan dat limit la pral resevwa yon òf nan yon pwogram, menmsi se pat yon chwa nan aplikasyon w lan.

Lè peryòd aplikasyon an kòmanse sou MySchools, gen dwa gen moman anpil moun sou li an menm tan. Sonje, **se pa moun ki aplike anpremye an y ap sèvi anvan**. Pa gen okenn avantaj pou aplike anpremye—tout aplikasyon yo resevwa nan dat limit lan ap jwenn menm tretman. Si ou gen difikilte, eseye ankò nan kèk èdtan!

Ou gen kesyon? Nou la pou nou ede. Voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,
Ekip Admisyon 3-K/Pre-K an

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.